

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ayana tungtutan jaman dimana prosés pangajaran kudu geus matalikeun kana pangajaran abad 21. Oriéntasi pangajaran abad 21 nyaéta prosés diajar nu tuluy tumuluy atawa *long live education*, diajar kompléks, melék kana téhnologi, jeung kompetensi kolaborasi. Dina widang pendidikan kamampuh abad 21 téh sok disebut 4K (*kritis, komunikasi, kolaborasi jeung kreatif*). Pikeun ngaronjatkeun udagan pangajaran abad 21 jeung kamampuh mikir tingkat luhur kudu diayakeuna évaluasi. Salasahiji alat évaluasi nyaéta soal-soal nu aya dina buku téks. Ku kituna Dumasar kana hasil analisis nalika ngukur alat évaluasi *HOTS* eta mgagunakeun 3 cara 1) analisis lével kognitifna, 2) analisis stimulus, jeung 3) analisis unsur kontékstualna. Buku téks nu digunakeun nyaéta buku *Gapura Basa* nu geus réa digunakeun di sakola di Jawa Barat.

Hasil analisis ragam lével kognitif dina buku *Gapura Basa* kapanggih jumlah soal *Higher Order Thinking Skills* (*HOTS*) jeung *lower Order Thinking Skills* (*LOTS*), dimana soal *LOTS* leuwih dominan. Hartina lével kognitif 3 kurang dominan dina buku, batan level kognitif 1 jeung 2. Jumlah level kognitif 1 aya 191 soal, atawa 60,25%, jumlah lével kognitif 2 aya 110 soal, atawa 34,7%, jeung soal lével kognitif 3 aya 16 soal atawa 5,05% tina total 317 soal kognitif. Dumasar kana *KKO* nu aya dina Taksonomi Bloom édisi révisi soal nu *LOTS* ngagunakeun *KKO* C1, C2, jeung C3 tanpa perlu analisi anu jero jeung ngabahas lingkup 5w (*what, who, where, when, jeung why*). Soal *HOTS* *KKO* nu digunakeuna ay dina ranah C4, C5, jeung C6 lingkup 1H (*how*). Dumasar kana wangun soalna, soal pilihan ganda teu kapaluruh bisa ngukur kamampuh mikir tingkat luhur siswa. Soal pilihan ganda ngagunakeun *KKO* pikeun nanyakeun hal-hal nu sifatna konseptual jeung bagian pengécohna (*distractor*) henteu kaciri jauh tina jawaban nu bener. Soal *HOTS* leuwih kana wangun uraian bébas, hatina uraian nu henteu boga hiji jawaban pasti.

Hasil analisis dumasar kana stimulus nyaéta Stimulus verbal (wangun kalimah) leuwih dominan, aya kana 113 soal tina 317 soal. Stimulus verbal mangrupa stimulus wangun kalimah nu kompléks, kalimah nu nududhkeun

multipresentasi, ogé kalimah padet atawa langsung kana instruksi. Rata-rata soal nu ngagunakeun stimulus verbal geus merenah, lantaran disaluyukeun jeung udagan dina pancéna. Soal biasana pikeun ngukur kamampuh siswa dumasar kana téks nu dibaca saméméhna. Stimulus bisa ngukur kana jero atawa henteuna soal nepika bisa kaharti parentah nu aya dina soal-soalna.

Hasil analisis kontéktual muser kana tilu hal nyaéta analisis soal nu bisa ngahasilkeun jawabn siswa dina ngakontruksi réspóns, soal dipatalikeun jeung kaayaan di masarakat atawa nyata, jeung soal bisa ngahasilkeun jawaban nu multipresentasi atawa loba kemungkinan jawaban. Soal nu matalikeun kana unsur kontéktual aya 4% atawa 12 soal tina 317 soal.

Jumlah data hasil panalungtikan dina ieu panalungtikan henteu jadi tolok ukur kana kualitas hadé atawa goréngna hiji buku. Ku ayana kasang tukang pangajaran abad 21, dimana sagala aspék pangajaran geus ngalibetkeun kamampuh mikir tingkat luhur. Référénsi pangajaran jeung évaluasi pangajaran kudu niténan ieu jaman. Dina pangajaran basa Sunda sok sanajan henteu boga udagan kana kamampuh mikir tingkat luhur, nalika geus aya alat nu bisa ngarojong kana kamampuh mikir tingkat luhur hartina éta alat geus ngarojong kana kamajuan pangajaran abad 21.

## **5.2 Implikasi**

Dumasar kana hasil panalungtikan, ayana analisis *HOTS* dina buku téks basa Sunda implikasina nyaéta bisa jadi tolok ukur dina milih buku téks. Sok sanajan ambahan bahan ajar basa Sunda leuwih kana kaweruh basa jeung sastra tapi, mikir tingkat luhur ogé diperlukeun dina ngigelan abad 21. Buku téks nu geus boga muatan *HOTS* hartina éta buku geus ngarojong kana mikir tingkat luhur. Aya kamampuh nu kudu dicangking ku siswa hususna dina kaweruh jeung kamampuh inovasi. Siswa nu diajar basa sunda kudu bisa ngalarapkeun matéri nu geus dicangking di kelas kana kaayaan di sabudeureuna. Ku ayana kamampuh kolaborasi, komunikasasi, kritis, jeung kréatif kana kaayan sabudereuna, siswa bisa nanjeurkeun jeung ngamumulé kana budaya Sunda. Sanajan téhnologi tuluy maju, kabudayaan ogé kudu tuluy éksis.

### 5.3 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeuna ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi sangkan ieu panalungtikan ka hareupna leuwih hadé jeung leuwih jero deui dina analisis *HOTS* buku téks, di antarana:

- 1) pusat Kurikulum Daerah bisa ngaluarkeun kawijakan husus pikeun panulis buku téks basa Sunda. Bisa ku cara ngarahkeun sangkan panulis mekarkeun soal kana kamampuh mikir tingkat luhur.
- 2) panulis buku téks basa Sunda bisa nyieun soal *HOTS* ngagunakeun stimulus nu leuwih ngirut, variatif jeung ngagunakeun stimulus verbal nu leuiwh kompléks.
- 3) ka panalungtik sangkan ngalakukeun uji krédibilitas pikeun méré nilai kana aspek bebenerana. Lian ti éta panalungtik bisa ngaanalisis hasil jawaban siswa kana soal nu dianggap aya implikasi kana pangajaran abad 21. Teu cukup ku analisis wangun soal na hungkul, sangkan bisa leuwih pasti lamun aya jawaban ti siswana. Lian ti éta, analisis *HOTS* kudu bisa maluruh kana ambahan bahan ajar nu dipatalikeun jeung fakta, konsep, ogé prosedurna.